Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# ГӀалгӀайн миллиардхочунна а, ишта Оьрсийчоьнан къилбан банкашна а, аэропорташна а дуьхьал керла санкцеш йаьхна Евроберто

Товбеца-бутт 24, 2026




Гуцериев Михаил

ГӀалгӀайчуьра орамаш долу Оьрсийчоьнан миллиардхо, индустрин-финансийн "Сафмар" тоба вовшахтоьхна Гуцериев Михаил Евробертан керлачу санкцеша лаьцна Украинера тӀом бахьана долуш. Иштта дозанаш тоьхна Краснодарехь винчу иллиалархочунна Маршал Александрна а.

Цул совнах тептарехь нисйелла Ростовера а, Минералан Хиш гӀалара а аэропорташ, къилбера "Кубань Кредит", "Юг-Инвестбанк", "Центр-инвест", "РостФинанс" "Нокссбанк" а банкаш, ишта "Роснефтан" долара кубанхойн "КНГ-Машзаводсервис" а, Новороссийскехь регистраци йина "Аквамарин Шип Менеджмент" компани а,

Ростовера акционерийн "Алюминий Металлург Рус" йукъаралла а, Волградера "Красный Октябрь" комбинат а, Ставрополера "Электроавтоматика" завод а, "ГІалмакхойн мехкадаьттан-газан компани" а, Астраханан кІоштара Оля эвлара хІордан порт а.

- 2024-чу шарахь Кипран Іедалша экономикан инвестицийн программица паспорташ деллачу 100 сов стагера гражданалла схьайаьккхира, царлахь вара ишта бизнесхо Гуцериев Михаил а, Къилбаседа ХІирийчуьра схьаваьлла «Меркурий» компанин тобанийн долахо Кесаев Игорь а.
- Оьрсийчоьно алсам пайдаэца болийна Каспий-хІордах ГІажарийчоьнца йохк-эцар лелош, шайна йукъахь дронийн компонентш латтор а долуш. Цу Іалашонца пайдаоьцуш йу Астрахан-кІоштарчу Оля-эвлахь йолу порт, йаздира The New York Times газето стигалкъекъа-баттахь.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю